
leu aya pupuh Pucung. Ayeuna urang tembangkeun babarengan. Engké giliran saurang-saurang.



Akur jeung Batur



Hé barudak urang kudu loba batur,
ngarah duduluran,
jauh rasa hiri dengki,
mana komo ka batur bari culika.
Hirup guyub babarengan reujeung batur,
ihlas tina manah,
ulah pisan sirik pidik,
henteu jail ngaganggu ka babaturan.
Sobat dalit sarua baé jeung dulur,
Silihpikanyaah,
daék ngahibur keur sedih,
lamun urang eukeur nandangan kasusah.

LIVEWORKSHEETS

Hayu urang ngalengkepan kalimah!

Pigawé saperti conto!

1. Hé barudak urang kudu loba	1	a. Manah
2. Urang kudu jauh tina rasa hiri	2	b. Dengki
3. Mana komo ka batur bari	3	c. Culika
4. Hirup . . . . babarengan jeung batur.	4	d. Sedih
5. Barang gawé kudu ihlas tina	5	e. Jail
6. Henteu . . . . kaniaya ka babaturan.	6	f. Ngahibur
7. Sobat dalit sarua baé jeung	7	g. Batur
8. Sobat dalit bisa	8	h. Kasusah
9. Daék ngahibur nu keur	9	i. Dulur
10. Sobat dalit bisa ngahibur mun urang nandangan	10	j. Guyub

Ngalengkepan Kalimah

Pék lengkepan!

1. sobat dalit = babaturan deukeut
   Urang kudu boga sobat dalit.
   Urang kudu boga _____

2. hiri dengki = goréng haté
   Ulah sok hiri dengki ka batur téh.
   Ulah sok _____ ka batur téh.

3. guyub = akur
   Hirup kudu guyub jeung batur.
   Hirup kudu _____ jeung batur.

4. culika = jail
   Budak culika mah sok pada mikangéwa.
   Budak _____ mah sok pada mikangéwa.

5. sirik pidik = dengki
   Ulah sok sirik pidik mun batur boga untung téh.
   Ulah sok _____ mun batur boga untung téh.

6. kaniaya = telenges
   Henteu hadé sok jail kaniaya ka batur téh..
   Henteu hadé sok _____ ka batur téh.

LIVEWORKSHEETS